ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№23 (23.993) ● 2020 гъэм мазаем (февралым) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам кьыщыгъэувахэмрэ абы щыубзыхуахэмрэ дэІыгъын.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм яхуэзгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зэрызыхуигъэзам кьыщыгъэувахэр гъэзэщІэным хуэунэтІа Іуэхуэхэм хэпльэныр япэ ирагъэщыну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщІ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2020 гъэм мазаем и 26-м
№109-П-П

Зыужьныгъэм и хэкІыпІэхэр щытщІэкІэ, зэдгъэхъулІэфыни хуейщ

КъБР-м и Правительствэм и Унэм мазаем и 26-м политикэ, жылагъуэ мыхьэнэ зиІэ зэІущІэшхуэ щекІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и Парламентым зыхуигъэзащ.

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

ЗЭІУЩІЭШХУЭМ хэтащ Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм, Федерацэмкіэ Советым я депутатхэр, КЪБР-м и Правительствэм, Конституцэ Судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитраж Судым, Хэхакіуэ комиссэм, Жылагъуэ палатэм, хабзэхъумэ органхэм, муниципальнэ щыпсальэхэм, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я унафащІэхэр, политикэ партхэмрэ творческэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лЫкІуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек УФ-м и Конституцэм и 82-нэ статьям ипкъ иткІі, и къулыкъум зэрытрагъэувэрэ иджы япэ КЪБР-м и Парламентым зыхуигъэзащ.

Абы лъабжьэ хуэхъуащ УФ-м и Президент Путин Владимир Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам кьыщыхигъэща Іуэхугъуэхэр, щІыналъэ Іэтащхьэхэм кьахуигъэува кьалэнхэр. Псори эытеухуэжар цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнырщ, экономикэм нэхъ псынщІэу зегъэужьныырщ.

- Иджырей Зэрызыхуагъазэм кьыщыгъэлъэгъуа Іуэхугъуэхэм я инагъкІэ, куугъкІэ уеблэмэ, тхыдэ кьэпльмэ иІэу къэплъытэ хъунущ. Абы къэрал унафэщІым хуабжьу мыхьэнэшхуэ зиІэ жэрдэмхэр, Іуэхухэр, унэтІыныгъэхэр кьыщигъэлъэгъуащ лъэпкъхэр хъума, къэрал политикэ хуэхкІэр егъэфІэкІуа, Урысейр лъэрызехьэ, сыт и лъэныкъуэкІи зызыужь къэрал хъун папщІэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сыт хуэдэ Іэнатіэри кьытпэщылъ илъэсым зытелэжьэн хуейр аращ, - жиІащ КІуэкІуэм.

Зэрызыхуагъаязэм и пэщІдзэзэ республикэм и унафэщІым и гугъу ищІащ ди щІыналъэр 2020 гъэм зэрытехьа щытыкІэм. Іэтащхьэм кьызэрыхигъэщамкІэ, 2019 гъэр республикэм хуэІеякъым. Абы къырикІуахэм ятепщІыхьмэ, ВРП-р сом меларди 145,6-рэ хъущ, кьыщІагъэкІахэм я индексыр - проценти 109,7-рэ, мэкъумэшым кьыщыщІагъэкІар проценти 105-рэ хъущ.

Республикэм и экономикэм инвестицэу кьыхалъхьэм и бжыгъэр проценти 7,2-кІэ нэхъыбэ хъущ икІи сом мелард 44-м нэблагъащ. Туризмэ нэхъыбэ зыхуащІахэм ящыщщ къэрал мыпкъумрэ республикэ бюджетымрэ зыхуей хуэзэу зэтеухуэныр. Абы ипкъ иткІэ, 2018 гъэм елъытауэ ди щІыналъэм телъ къэрал щІыхуэр сом меларди 2,3-кІэ ягъэмэщІащ.

«Зыужьныгъэм дызэрыхуэкІуэ Іэмалхэр тщагъэпсынщІэ лъэпкъ проектэм. 2019 гъэм абы и лъэныкъуэкІэ федеральнэ бюджетым кьыхэкІыу сом меларди 5-рэ мелуан 630-рэ кьытІэрыхьащ», - пищащ КІуэкІуэм.

Іэтащхьэм игу щІэныкъуэхэм ящыщу кьыхигъэщащ кьалъху сабийхэм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъур, кьапщтэмэ, 2018 гъэм елъытауэ 2019 гъэм ди республикэм кьащалъхуар сабий 908-кІэ нэхъ мащІэщ. Абы теухуауэ УФ-м и Президентым къигъэува кьалэнхэр и кІэм нэсу гъэзэщІэн зэрыхуейр, ди республикэм и зэфІэкІ псори абы зэрихьэлІапхъэр, псом япэу цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэн зэрыхуейр игъэ-

КъБР-м и Парламентым щыІэ «ЩхъуантІэхэр» фракцэм и унафэщІ Щхьэгъэпсо Сэфарбий:

- Нобэрей Зэрызыхуагъазэм лъабжьэ хуэхъуар УФ-м и Президент Путин Владимир иджыблагъэ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым зэрызыхуигъэзарщ. Абы, шэч хэмылъу, кьыщыгъэлъэгъуащ республикэм и социально-экономикэ щытыкІэм и щыщІэныгъэхэр, икІащІыпІэкІэ гъэзэкІуэжьын хуейхэр.

Кьыхэзгъэщыну сыхуейт демографиер зэрыхуа щытыкІэр, зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр щалыгъ гъэсапІэхэм тІысыпІэ зэрыщащхуримыкьыр, ухуэныгъэ Іэнатіэм щыщыІэ гугъуехьэр, кІэрыфкьбжьэрыхухэм зэрелэжьым зэрызегъэужьыпхьэр. Иужьрей илъэс зыщыплІым иджы япэу апхуэдэу зэІухуэу ди щыщІэныгъэхэм тепсэлъыхьауэ араща республикэ Іэтащхьэр. Ар хуабжьу сэбэпщ.

Къэдгъэлъэгъуа гугъуехьэр зэрыдгъэзэкІуэжьын кьару ди Іэщ. Сыхуейщ КЪБР-м и Правительствэм ехъулІэныгъэ иІэу а Іуэхуэм елэжьыну.

КЪБР-м и Парламентым щыІэ ЛДПР-м и фракцэм и унафэщІ Безгодькэ Владимир:

- Іэтащхьэм ди пащхьэм кьыригъэува кьалэнхэм зыхуэдгъэхьэзыру дыщысыну зэман диІэкъым, абыхэм занщІэу иужь ихьауэ Урысейм и щыналъэ зызыужьхэм далъэщыхьхэн хуейщ. Республикэм и гугъуехьэр кьигъэлъэгъуащ, абыхэм я хэкІыпІэхэм зэрелпльыр жиІащ КІуэкІуэм. Ди фракцэм диІыгъащ КІуэкІуэм и программэр, ноби Іупщ'у зи гугъу ищІа Іуэхуэр гъэзэкІуэныжкІэ дыкъуэувэнущ, дызыльэщІэмыхьэ унэтІыныгъэхэм дыхуеужьэрэкІынущ.

УнафэщІым кІэщІуэр кьыхигъэщащ ди ехъулІэныгъэхэрэ, псом хуэмыдэу макроэкономикэмкІэ нэгъабэ зэдгъэхъулІахэр зыхуэдэ щІэкъым. Ауэ абыкІэ арэзы дымыхьужу, лъабжьэ быдэ дыщиІэкІэ, дяпэкІэ нэхъыбэжьым зетпщытынущ, Іэщігъэлъ ныбжьыщІэхэр кьетшалІэурэ.

КЪБР-м и Парламентым щыІэ КПРФ-м и фракцэм и унафэщІ Пащты Борис:

- Зэрызыхуагъазэм кьызэщІиубыдащ Іэнатіэ псори. Япэу зи гугъу ищІар, къэрал щІыхуэр зытегъэкІыжыным зэрелэжьырщ. Ар захуагъэщ - сыт хуэдэ щІыхуэми ди зыужьныныгъэр, экономикэр ильахъэу аращ. КьищыкІэмэщІауэ, ВРП-р хэгъэхъуэн зэрыхуейр жиІащ КІуэкІуэм, ар мэкъумэш хозяйствэм, туризмэм нэхъри зедгъэужькІэрэ зэдгъэхъулІэфынущ.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, демографием дыщытепсэлъыхьыкІэ, зэрыщэжм я бжыгъэр нэхъ мащІэ зэрыхъур, зэрышахэм я ныкъуэр зэрыгъэбгъэдэкІыжыр кьэлъытэн хуейщ. Абы ипкъ иткІэ, унагъуэ институтхэм елэжьыпхъэщ, ныбжьыщІэхэр хуэгъэхьэзырыпхъэщ унагъуэ ухуэным хэлъ щхьэхуэныгъэхэм.

Кьалэнхэр инщ, Правительствэм дяпэкІэ план пыухыкІэщ зэхилъхьэн хуейщ. Депутатхэм дежкІи гугъу хъунукъым, кьыхагъэща Іуэхугъуэхэм теухуа унафэхэр кьащтэну. Дызэгъусэу дызэдэлажьэмэ, зыужьныныгъэм дызэрыхуэкІуэнум шэч хэлъкъым.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Мазаем и 27, махуэку

♦Правительствэм и нэІэ ІущІэмыт зэгухьэныгъэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Мыщэ хужьым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм ЩыІэкІэ хэхахэм деж къагъэсэбэп и кьарухэм я махуэщ. УФ-м и Президент Путин Владимир кьыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ ягъэувауэ, 2015 гъэ лъандзрэ ягъэлъапІэ.

♦Ингуш Республикэм и Конституцэм и махуэщ

♦1411 гъэм Шотландием щыщ Сент-Эндрюс кьалэм а къэралым щыяпэу университет кьыщызэІуахащ.

♦1598 гъэм Годунов Борис Урысей къэралыгъуэм и пащтыхьу ягъэуващ.

♦1693 гъэм дунейм щыяпэу Лондон кьыщыдэкІащ цІыхубзхэм папщІэ журнал.

♦1781 гъэм пащтыхь гуащэ Елизаветэ Урысейм цІыху куэд зэкІуаІэ «кьэлэ ещанІэхэр» кьыщызІуихыным теухуа унафэ кьыдигъэкІащ. Къэралым цІыхубзэм щІэныгъэ егъэгъуэтынымкІэ и Іэнатіэр зэтеувэныр абдеж кьыщежьауэ кьалъытэ.

♦1879 гъэм фошыгъум нэхъэрэ хуэдэ 400-кІэ нэхъ Іэфі ерыскъыгъуэр - сахариныр - кьыщІагъэкІащ.

♦1900 гъэм Германием кьыщыІэзэрагъэпэщащ «Бавария-Мюнхен» футбол клубыр.

♦1943 гъэм Матросов Александр нэмыцэхэр кьызэрыкІ быдапІэм зыІуигъащ икІи советыдзэхэр а щІыпІэм блэкІыныжмкІэ Іэмал яритащ. Хахуагъэ кьэзыгъэлъагъуэу хэкІуэда Матросовым Совет Союзым и Лпыхъжь цІэр фІащауэ щытащ.

♦1945 гъэм Мэсей Асльэнджэрий Совет Союзым и Лпыхъжь цІэр кьыфІащащ.

♦1964 гъэм цІыхухэм псы щІагъым зэрызыщрагъэпльыхь, тенджызхэм я лъащІэр кьэхутэным кьыщагъэсэбэп япэ аппаратыр - мезоскафыр - Атлантикэ хым трауТыпщыкащ.

♦1965 гъэм совет Ан-22 («Антей») кхъухьлъатэр япэу узгум ихьащ

♦Италием щыщ оперэ уэрэджыІакІуэ цІэрыІуэ **Карузэ Энрикэ** кьызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦Урыс дзэ кхъухьлъатэзехуэ Іэзэ **Нестеров Пётр** кьызэралъхурэ илъэси 133-рэ ирокъу.

♦Осетин тхакІуэ, литературэдж, филологие щІэныгъэхэм я доктор **Джусойты Нафи** кьызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Инджылыз-америкэ киноактрисэ, «Оскар» саугъэтыр щэнейрэ зыхуагъэфэщащ **Элизабет** кьызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Шэрджэс сурэтыщІ **Мэзкъуэбз Хьэзрэт** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦УэрэджыІакІуэ, УФ-мрэ КъШР-мрэ я цІыхубз артист, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Гъуэт Хьусин** и ныбжьыр илъэс 79-рэ ирокъу.

♦Совет уэрэджыІакІуэ, Эстонием щІыхь зиІэ и артисткІэ **Вески Анне** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, режиссёр, УФ-м и цІыхубэ артисткІэ **Догилевэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦ЖылагъуэлажьэкІэ, ДАХ-м и вице-президент **КІэкІыхьу Мэжид** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокъу.

♦Къэрал лжьакІуэ, Адыгэ Республикэм и Іэтащхьэ **КъумпІыл Мурат** и ныбжьыр илъэс 47-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты кІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 15 - 17, жэщым градуси 7 - 8 щыхьунущ.

ЩІэныгъэмрэмрэмрэ

♦1990 гъэм Урысей Федерацэм и Кинематографистхэм я зэгухьэныгъэр кьызэрагъэпэщащ.

♦1996 гъэм Урысейр Европэм и Советым хьыкащ, цІыхум и судыр укІкІэ мыщІэным арэзы техьэурэ.

♦Усакіэу-уэрэдус цІэрыІуэ **Кьанкъул ФІыцІэ** кьызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокъу.

♦Усакіуэ, КъБР-м щэнхабзэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Сонэ Абдулчэрим** кьызэралъхурэ илъэс 78-рэ ирокъу.

♦И ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокъу КъБР-м щІыхь зиІэ и дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат, гу узыфэхэм щеІззэ республикэ центрым и доктор нэхъыщхьэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм хэт **Щэрдан Нодар**.

♦УэрэджыІакІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Уэтэр МуІэед** и ныбжьыр илъэс 63-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, профессор, КъБКъМУ-м и ректору щыта, КъБР-м щІэныгъэхэмкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ **Жэрыкъуэ Борис** кьызэралъхурэ илъэс 62-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 16-18, жэщым 5-7 щыхьунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Пэлпкъ Іущыгъэ:

Узыншагъэрэ сымаджагъэрэ зэпыщІащ.

Къэхутэныгъэщ Іэхэм гъуэгу ират

Кавказ Ищхьэрэм щыпсэу щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я къэхутэныгъэщІэхэр, инноваци проектыщІэхэр утыку кьыщрахьащ Бэрбэч ХьэтІутІэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым. Гъэлъэгъуэныгъэ хьэлэмэтым икІи купщІафІэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым, Шэшэным, Осетие Ищхьэрэм, Ставрополь крайм щылажьэ еджапІэ нэхъыщхьэхэм я студентхэр. Ар къызэригъэпэщащ ЩІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм ди щІыналъэм щиІэ къудамэм.

ЗЭІУЩІЭМ и мурад нэхъыщхьэр Урысей Ипщэм и щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм я зэфІэкІым нэхъри хэгъэгъуэныгъ, ахэр къэхутэныгъэщІэхэм хуэгъэушынырц. А кьалэнхэм кьызэхуэсахэм яхутепсэлъыхьащ КъБКъУ-м щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректор Хьэшыр Светланэ. Абы зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ зэхуэсхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр лъэпкъ щІэныгъэм зезыгъэужь, кьаруущІэ кьахэзыльхьэ Іуэхугъуэщ. «ЕджапІэ нэхъыщхьэхэм я лабораторэхэм щІэмыкІуэдажу утыку зэмылІэужьыгъуэхэм наІуэ щыхьу кьэхутэныгъэщІэ купщІафІэхэм гъуэгу етын хуейщ, - кьыхигъэщащ проректорым. -Абыхэм щыгъуазэ хуэщІыпхьэщ жылагъуэр. Ахэр зи зэфІэкІым кьыхь щІэныгъэлІ ныбжьыщІэхэм дрогушхуэ».

ЩІэныгъэм япэ лъэбакъуэхэр щызыч щІалэгъуалэм гуапэу ехъуэхъуащ гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлІа хьэщІэ лъапІэхэу КъБР-м и Парламентым Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэ политикэмкІэ и комитетым хэт Карнышг Сергей, КъБР-м экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Белецкая Ольгэ, КъБР-м и еджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрым и кьуэдзэ Мокаев Ашэмэз, Бгы лъагэ геофизикэ институтым и унафэщІ Беккиев Мухьутар сымэ, нэгъуэщІхэри.

Гъэлъэгъуэныгъэм кьрихьэлІа Іэщіагъэлізкэми студентхэми яфІэхьэлэмэтащ абы и утыку кьрахьа проект 70-м нэсыр. Ахэр ятещІыхьат нанотехнологие, медицинэ, мэкъумэш, ухуэныгъэ, социальнэ унэтІныныгъэхэм.

ЖЬЛАСЭ Маритэ.

Къэрал щІэныгъэ

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщІэтыным теухуауэ пІощІэгъуэкІэ цІыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр: **8(8662) 40-89-70, 40-34-32**.

Бгъэжьнокъуэ Мухьэмэд и Іулыдж лъагэр

75

Шипилов Валерэрэ Шэджэм Зальмаджэрийрэ «Ялтэ зэхуэсым ехьэлІа Іуэхугъуэ дызыщымыгъуазэхэр» фІэщыгъэр иІэу «Кабардино-Балкарская правда» газетым иджыблагъэ къытрадза я тхыгъэр ди щІыналъэм и тхыдэмкІэ гъэщІэгъуэну, къыщыхьа щапхъэхэмкІи хуабжьу щІэщыгъуэу къыщІэкІащ. Куэд щыгъуазэкъым Совет Союзми, Америкэм и Штат Зэгуэтхэми, Инджылыз пащтыхьыгъуэми я Іэтащхьэхэр ирихьэлІэу 1945 гъэм мазаем и 4 - 11-эм Ялтэ пэмыжыжьэу щыІэ Ливадие сэрейм щызэхэта зэхуэсым Къэбэрдей АССР-м щыщу цІыху 39-рэ зэрыхэтар, къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкім Іэ ЦІыхубэ комиссариатым шынагъуэшагъэмкІэ и къудамэм щылажьэу. Арэущ тхылъымпІэхэм къызэрыхэщымкІэ, «я пащхьэ къраІуха кьалэным ахэр щыщІэныгъэ имыІэу пэлъэщащ....».

Бгъэжьнокъуэ Мухьэмэд Хьэжумар и къуэр *(1912 - 1964 гъгъ.)*

БАХЪСЭН щІыналъэм къыщалъхуахэри яхэтыкІэ зэрыхъунумкІэ гурыщхьуэ тщІащ. Псалъэм папщІэ, абы къыхэщырт Бгъэжьнокъуэ Хьэжумар и къуэ Мухьэмэд и цІэр. Бгъэжьнокъуэхэ езыхэр лъэпкъыжьщ, ижь лъандэрэ ХьэтІохъуущкъуей Ипщэ (Зеикъуэ) къуажэм щопсэу. Дэри тфІэгъэщІэгъуэн хьуащ Бгъэжьнокъуэ Мухьэмэд кІыызыхІарэ зыщыщкІэ зыхуэдэр, и гъащІэр къызэрекІуэкІар. ЦІыхум и гъащІэр къызэрекІуэкІар къыщІэбгъэщыну иужь ущихьэкІэ, дауи, узыщІэупщІэну, къэпхуэтэну, зэхэбгъэкІыну узыхуей нэгъэущІ Іэхугъуэ куэди уи пащхьэ къоувэ - абы къыхэкІыу сыт хуэдэ хьыбар кІапэлъапэми мыхьэнэ етту пэжыр къэлъыхъуэным иужь дихьащ.

Ди насып къихьри, Мухьэмэд и къуэ Валерэ (нэхъыбэм зэрацІыхуэр Хьэчимущ) къуажэм щыпсэурт. И адэм и хьыбар дыщІэупщІэми, иригушхуэу ищІэр къытхуиІуэтащ. Псом нэхърэ нэхъ хьэлэмэтраци, и гъащІэмрэ и къекІуэкІыкІамрэ зэрыт Іэрытх Мухьэмэд къыщІэнащ. Пэжыр жыпІэмэ, Бгъэжьнокъуэ Мухьэмэд архивыщхуэ къыкъуэкІащ. Зи Іэужьрэ лъэужьрэ дызыплъыхьуэ лІыфІыр а псом ди пащхьэ нахуэу къригъэувэрт, ар зыхуэдар, и хьэл-щэну щытар, игъэхьамрэ илэжьамрэ Іупщі тщищІырт. ЦІыху къызэрыгуэкІыу щымыт, зыхэпсэуКІа лъэхъэнэм елытауэ пщІэрэ фІэлІыкІрэ иІэу къекІуэкІа цІыхуэ Мухьэмэд. Къэралым хуэлажьэкІэрэ, ар зыщыщ лъэпкъми пэжу бгъэдэтащ.

Бгъэжьнокъуэ Мухьэмэд Къэбэрдей щІыналъэм хьэхъ ХьэтІохъуущкъуей Ипщэ къуажэм дэс Хьэжумаррэ ФатІимэтэ я унагъуэм 1915 гъэм къыщалъхуащ. Іэнэр лъакъуищ иризыгъэхуэ щІалэр къызыхІа унагъуэм жылэм пщІэ къыхуащІырт, и нэхъыжьри цІыхум яхьихьэ-яхэкІыу, чэнджэщакІуэ къыхуэкІуэу, упщІэ кІрахьлъІэу, цІыху гъбзыгъэу апхуэдэ. И пщІэнтІэпс къабзэкІэ къилэжьыр и Іыхьэу къуажэм щыпсэурт. КъыщІэувэ щІалицри (Исмел, Хьэлий, Мухьэмэд сымэ) адыгэ хабзэм щІипЫкІырт, лэжьыгъэм, гуащІэдэжьым пщІэ хуащІу къиГъэхъурт. Езым щІэныгъэ бгъэдэмыльами, и къуэхэр иригъэджэну щІэхъуэпсырт. Исмелрэ Хьэлийрэ еджэным я кІэн къыщимыкІами, Мухьэмэд нэхъ гурыхуэу, зэхихымрэ илъагъмрэ псынщІэу ирихуатэу, хэлъат иІэу къэтэджащ. Зэшхэм уащыхэплъэжкІэ, нэхъыщІэр нэхъ гурэпкІырэт, жант, набдзэгубдзаплъэт. Арагъэнщ 1930 гъэм ирихьлІэу Мухьэмэд классихэр къиуахну щІыхуэзэфІэкІари.

А лъэхъэнэ дыдзэм хуэзэу ГъэнэгъуІ къуажэм щІэгъэхуэбжьаУэ БахъсэН ГЭС-р щаухуэрт. Іэпщэ лэжьыгъэм пэрыувэфыну ГъэнэгъуІ щыс жылэхэм дэсыр абы кърашэлІат, лажьэми щІэ иІэт, мыЕйуи къыщалэжьырт. Мухьэмэд ГЭС-р зыуХуэзхэм яхьихьэну щыжиІэм, и адэ-анэр пэрыуакъым. Абы-хэм фІЫуэ ящІэрт щІалэр лэжьыгъэм зэрыхуэмыщхьэхри, зэрысабийрэ зыпэщІэуВэм ерышу зэпыпэщІэтри, къикІуэт имыІэу и Гъэгу зэрыпхришынри. ИкІи щыуакъым: илъэс 18 иримыкъуа Мухьэмэд лэжьакІуэ гупым я пашэ хъуащ. Абы щыгъуэщ къыщыгурыуар щІэныгъэр гъащІэм ущезымыбгъэгъунгъэкІын Гъэгуэгу зэрыщытыр. Лэжьыгъэм пэрытри щІалэм ебланэ классри къиуващ. Урысыбзэр нэхъыфІу зригъэщІэн папщІэ Мухьэмэд КъалэкІыхьым ехьырт, цІыхугъэ яхуэхъуа урыс унагъуэм я дежи махуэ бжыгъэкІэ къимыкІыжу къыщынэ щыІэт. АрщхьэкІэ лэжьыгъэри еджэни зэдизхьыну хунэсакъым.

1934 гъэм Мухьэмэд дзэм къуплькІу щищІэну ираджащ. Ар хэхуащ Кавказ Ищхъэрэм щыІэ дзэ округым и 68-нэ шуудзэм. Абы хэту щІалэр полк еджапІэм щІэтІысхьащ. КъуплькІу ищІэну ирамыджэ щыкІэ зыпэрыта Іэнатіэхэм яфІ къекІыжащ Мухьэмэд - ар къыдеджэ адрей и ныбжьэгъуэхэм и щІэныгъэкІи, и зэхэщІыкІкІи къаХэщырт. Зауэ хуэІуэхуэщІэхэм ехьэлІа щІэныгъэхэр нэхъ куууэ зэрызригъэщІэным, дзэм епха Іуэхугъуэхэм хуэІэижь зэрыхъуным еш имыІэу иужь итащ, дзэ Іэнатіэми и щІэныгъэ ирипхыну щІэхъуэпсырт.

АрщхьэкІэ, дзэм щекІуэкІ ГъащІэм узыпэмыплъэ куэд кьыззрыхэкІынри нахуэщ. И гъащІэр къызэрекІуэкІа щІыкІэр къыщІритхэкІыж тхыгъэм Мухьэмэд щыжиІэ: «Полк еджапІэр 1935 гъэм къыщІызухым, си узынщагъэр и щхьэусыгъуэу дзэм сыкъыхагъэкІащ...».

Дзэм къызэрикІыжу Мухьэмэд къуажэм къэкІуэжащ, пІалъэ хьихымыгъэкІыуи ГЭС-м игъэззэкри, лэжьакІуэ гупым я унафэщІу лэжьэн щІидзэжащ. 1937 гъэм Мухьэмэд Налшык кьалэм дзт гидромелиоративнэ техникумым щІэтІысхьэри, хьарэзыну 1940 гъэм ар кІиуващ.

КъУАЖЭМ дэт курыт еджапІэм егъэджакІуэ щахуримыкъу кьелъэІуэхэри, физикмэ есэпымрэ щригъэджэну ираджэжащ. Сыт щыгъуи цІыху зэпІэзэрыт, псоми фІыуэ яхущыт щІалэщІэр лэжьэгъу хуэхъуахэм хьарзынэу яхэзэгъащ. Хэти чэнджэщэгъу пэж хуэхъу щІалэм куэд дыдэ къыхуэкІуэрт, я гурыгъуКІэ къыдэгуашэу, зыгъэпІейтей-зыгъэгумэщІэхэмкІэ кьепсэлъыпІэу.

ЕгъэджакІуэ Іэнатіэм БгъэжьнокъуэР хьарзынэу ехьулІэну къыщІэкІынт, зауэр мыхъуатэмэ... 1942 гъэм нэмыщдзэр Кавказым къыхуелэ, Индыл щекІуэкІ зауэбанэр зэриухынум къэралым и къэкІуэнур елъыта щыхъум, Мухьэмэд и гъащІэм зауэр къыхьыхьащ. Мэкъуауэгъуэ маззу ар военкоматым ираджэри, СССР-м ЗыхъумэжьныгъэмкІэ и ЦІыхубэ Комитетым и унафэкІэ 1941 гъэм фокІадэм и 6-м къызэрагъэпэща Индыл дзэ округым и япэ хьэуа-десант полкым ягъэкІуащ. Полкым хагъэхьэнум паубыду Іуэхугъуэ зыбжанэ щыІэт: щІалэр Іэчлъэчу щытын, щеджа е щыплэжьа Іуэхущ Іапіэм и псалъэ гуапэ, хабзэр къыззрызэпимыудамкІэ тхылъ иІэн, урысыбзэр ищІэн хуейт. Яшхэзымкі Мухьэмэд къыщІэхуэртэкъым.

Къулькъу щищІэну гупым къыщысым, БгъэжьнокъуэР дзэ еджапІэм ирапхащ. УнафэщІхэм щІалэм бгъэдэлъ зэфІэкІым гу къыльатэри, Мэзкуу дэт унэтІыныгъэ щхьэхуэ зиІэ еджапІэ нэхъыщхьэм ягъэкІуащ. 1942 гъэм шыщхьэуІум и 28-м щегъэжьауэ жэпуэгъуэм и 25 пщІондэ абы щеджэри, гъэщІэгъуэныращи, Мухьэмэд занщІэу зауэ гуащІэр щекІуэкІ Сталинград фронтымкІэ зрагъэкІуащ. Зэрыназуи 24-нэ армэм и 14-нэ лагъым батальоным и къудамэм и пашэу ягъэуващ. Мазэ бжыгъэ нэхъ дэмыкІыуи СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэкІэ «Сталинград зэриХъумам папщІэ» медалыр къыхуагъэфэщащ. Ар Тэуэнейрэ уІэгъэ хъуат, ауэ сыт щыгъуи зэуапІэм Іухьэжырт, лІыгъэ кьиГъэлъагъуэрт.

Бгъэжьнокъуэм и зауэ гъэзугуанэр кІыхьу къыщІэкІакъым. УнэтІыныгъэ щхьэхуэ иІэу Мэзкуу дэт еджапІэ нэхъыщхьэм щІэрыщІэу ягъэкІуэжри, 1943 гъэм бадзэуэгъуэм и 6-м, хэкъуэзауэ ягъэхьэзыра нэужь, СССР-м Къэрал шынагъуэншагъэмкІэ и министерствэм лэжьапІэ ягъэуващ.

Зэманыр бзаджэт, зауэр екІуэкІырт. Іэнатіэ къыхуагъэфэщащи псэзэпылъхьэпІэт, ауэ БгъэжьнокъуэР псэемыблэжу лэжьащ. 1944 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м шынагъуэ къэмыгъэхъуныкмкІэ Іэнатіэм и лейтенант цІэр кьыхуагъэфэщащ, 1947 гъэм лейтенант нэхъыжь хьуащ, 1951 гъэм капитан яІащ.

Бгъэжьнокъуэр 1952 гъэм мазаем и 15-м щегъэжьауэ 1954 гъэм мэкъуауэгъуэм и 28-м нэс Къэбэрдей АССР-м Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкім и министерствэм щылэжьащ. ШынагъуэншагъэмкІэ Іуэхугъуэ щІэныгъэ зэрыхуэхъуэпІэт, ауэ мыхъуатэмэ... Лэскэн щІыналъэм щыІэм и унафэщІым и къудамэ, Тэрч, Урожайнэ куейм щыІэхэм я унафэщІу лэжьэну къыхуихуащ.

Архив тхыгъэхэри цІыхухэм я гукъэкІыжхэри къэбгъэсэбэну, БгъэжьнокъуэМ и гъащІэр къызэрекІуэкІам нэхъ шэщІ ящІ утепсэлъыхьыж хъунут. Зыпэрыта Іэнатіэм ехьэлІауэ, сыт хуэдизи илъэс абы лъандэрэ дэкІами, псори пхуэтхынукъым, ауэ кІэщІу и гугъу тщІынщ лэжьаІэм къыщыІыгъыжьым и гъащІэр дауэ хъуами...

МУХЬЭМЭД щалъхуа жылэжьым Іуэхунэ щыІэ хьэкъым. Іуащхьэмахуэ щІыналъэм и райкомым и инструктору, Зеикъуэ къуажэм Кировым и цІэр зэрихьэу щыІэхэт колхозым и парткомым и секретару, Іуащхьэмахуэ райисполкомым пщэрыльэ хэхаэр зиІэ и секретару, щІыналъэ статуправленэм и инспектор нэхъыщхьэу лэжьащ. Іэнэ дежи абы къыщыхуэщхьэпащ лэжьыгъэм хуиІэ гудзакъэр, сытым еувалІэми, къиГъэлъагъуэ гумызагъагъыр, дэтхэнэ Іуэху зэфІэзэрыхьами и хэкІыпІэр къызэригъуэт акъыл жаныр. ГукъаскІэ зиІэ, цІыхум я гуныкъуэгъуэм пэджэж БгъэжьнокъуэМ Іулыдж къыхуащІу щытащ, я дзыхьри бэрэ жылэм кърагъэзащ. Апхуэдэу ар мызэ-мытІэу къуажэм и лІыкІуэу райсоветым щыхахащ.

«1941 - 1945 гъэхэм екІуэкІа Хэку зауэшхуэм нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм зэращІекІуам папщІэ» медалыр БгъэжьнокъуэМ къыхуагъэфэщащ щытащ, фІыщІэ тхылъэр дамыгъэу пщІы бжыгъэхэри иІащ, Емышыжу къуажэм гъэсэныгъэ лэжьыгъэ щригъэкІуэкІащ, жылагъуэ Іуэхуэмэ сыт щыгъуи жыджэру хэтащ.

И ныбжьыр илъэс 51-рэ фІэкІа мыхъуауэ, и кьару илъыгъуэу МухьэмэдМ дунейм ехьжащ. Иужьрей и уеблэмІэ я адэжьхэр зэрылъ кхъэм щигъуэтыжащ.

МУХЬЭМЭД унагъуэ дахэ КъыщІэнащ. Ялэ щхьэгъусэм дигъуэта и пхъур - Светэ - унагъуэу Нартан (Кьылышбийхьэблэ) щопсэу, къуэрэ пхъурэ иІащ. И адэмкІэ и дэлъху - и шыпхъуэхэм якІэлъыкІуэу, яхуэгумащІэу апхуэдащ. Мухьэмэд етІуанэу къишэжа цІыхубзыр Гъэрениным и цІэкІэ щыІэ орденыр зыхуагъэфэща Къэрмокъуэ Лэкъумэн ипхъущ, Мэржанщ. А тІум хъыджэбзищэрэ щІалитІрэ зэдагъэтащ. Хъыджэбз нэхъыжьитІыр, Лерэрэ Ленэрэ, пасэу дунейм ехьжащ. НэхъыщІэр, Иринэ, и гъащІэр щІэныгъэм триуухащ, психологие щІэныгъэхэм я докторщ, профессорщ. ЩІэныгъэ зэІуахэхэм я институту Мэзкуу дэтым щэнгъасэм и унэтІыныгъэ хэхахэмкІэ кафедрэм илъэс кІуэдкІэ и унафэщІу лэжьащ, егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ зэІэпахыгъэ зыщагъэгъуэзэ лэжьыгъэ пщІы бжыгъэхэр и Іэдакъэ кьыщІэкІащ. Иринэ и унафэ щІэту цІыхуипщІым и къэхутэныгъэхэр къыхьыхуэтыншэу ирагъэкІуэкІри, я кандидат, доктор лэжьыгъэхэр пхагъэкІащ.

ЗэкъуэшитІым я нэхъыжь Хьэчим Тэрч кьалэ хьыщащІыхуащ, шынагъуэншагъэмкІэ и Іуэхущ Іапіэу а щыналъэм щыІэм и адэр щыщІэлажьа лъэхъэнэм. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым инженер-механик Іэщ Іагъэр щызэригъэгъуэту кьуажэм игъэззэжа нэужь, Хьэчим япэщІыкІэ «Зеикъуэ» колхозым и инженер нэхъыщхьэу, иужькІэ «МэкъумэштехниКа» щІыналъэ зэгухьэныгъэм хьыхьэ «Бахъсэнагропромтранс»-м и Іэтащхьэу лэжьащ. «Зеикъуэ» колхозым и тхьэмадэ, «Бахъсэн щІыналъэ газ» Іэхуэщ Іапіэм и унафэщІ Іэнатіэхэм пэрытащ.

И адэм и лъэужьым ирикІуащ щІалэ нэхъыщІэр - Владимир. Октябрь РОВД-м щІэпхъаджагъэ ялэжьхэр зэхэзыгъэкІ и къудамэу Налшык кьалэ дэтым кьыщригъажьэри, ар илъэс 38-кІэ хабзэхъумэхэм яхэтащ. Милицэм и полковникщ, «ЛІыгъэ зэрихьам папщІэ» орденыр Урысейм и Іэтащхьэм и унафэкІэ кьыхуагъэфэщащ, нэгъуэщІ фІыщІэ дамыгъэ куэди иІэщ. Владимир «Наркотикым евэныныимкІэ Урысейм щыІэ ФСКН-м и ІуэхущІапІэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэри зэрехьэ.

Гу лъытатэхэу я адэшхуэм и цІэр зыфІащыжа Владимир и къуэ МухьэмэдИ и гъащІэр хабзэхъумэ Іэнатіэм зэрырипхами. Урысейм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкім и министерствэм щІэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкІынымкІэ и къэрал управленэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ ІуэхуэхэмкІэ и къудамэу Мэзкуу дэтым щолажьэ, езыр следователь нэхъыжьщ, юстициамкІэ майорщ. Пщэрыльэ кьыщащІ Іуэхугъуэхэм щигъэлъагъуэ зэфІэкІхэм папщІэ къэрал Іуэхущ Іапіэхэм къабгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр мызэ-мытІэу къыхуагъэфэщащ.

ИЛЪЭСХЭР блокІ, апхуэдэхэзэрэ лІэужьхэри зэблокІ. Цыхум и псэукІэми, и дуней тетыкІэми, уеблэмэ и Іуэху еплыкІэми захуэзэж. Ауэ зызымыхъуэжыр зыщ - мамыр псэукІэм псори зэрыхуущІэкъурщ. Мамыру ущыпсэурщ махуэщІэ хъуэгъэ нэхум ущыгуфІыкІыу, Іуэхуэфіу блэжьым гухэхъуэ кьыуиту дунейм ущытетыфынур. Зэман бзаджэм хальхуами, я цІыхугъэ яфІэмыкІуэду, кьызыхэкІа лъэпкъымрэ щалъхуа щІыналъэмрэ ящыныгъупщу я псэр зыта куэдым я фІыгъэщ мамыр псэукІэм и гуращэр щІэмыкІуэдыр. Зауэшхуэ блэкІам Текіуэныгъэр кьыщыгтхуэзыхьа дэтхэнэ ди зы хэкуэгъуми хуэфащащ и цІэр кьиПІуэну, уатепсэлъыхьыну. Аращ мы тхыгъэ кІэщІым зэщІэкъуэпауэ а зауэм и курыкупсэм хэта, кьэралыгъуищым я Іэтащхьэхэр щызэрихьэлІа Ялтэ зэхуэсым щыІа ди щалэм и цІэр кхэтІэтын, утыкум кьитхьэн хуей щІэхъуар. Тхыгъэр пхуэгъэкІуэдыныкъым, ари фэеплъыр зэрахьэумэ зы Іэмалщи, кьытщІэхьуэ щІэблэм мы хьыбарыр зэралъэІэсынум шэч кьытетхьэркъым.

НЭХУЩ Ахьмэд, НЫР Іэуес.

Адыгэхэмрэ къэзакъхэмрэ я къежьапІэр зы?

• Тхылъыщ Іэ

Урысейм ЩІэныгъэмкІэ и Академием КъБР-м щиІэ къудамэм (КБНЦРАН) и унафэщІ, профессор Иуан Пётр и Іэдакъэщ Іэкіыу тхылъыщІэ къыдэкІащ: «Адыгэхэмрэ къзакъхэмрэ Урысейм и тхыдэмрэ и политикэмрэ къызэрыхэщыр: цІыхугъэ хэлъу бджмэ» («Адыги (черкесы) и казаки в истории и политике России: опыт нравственного прочтения»).

«ТХЫЛЪЫМ лъабжьэ хуэхъур Урысеймрэ Кавказ Ищхъэрэмрэ игъащІэкІи щІыззгъусэфын щхьэусыгъуэхэр къзгъэнэІуэнырщ», - аннотацэм щыгъуазэ дещІ щІэныгъэлІым къыджиІэну зигъэхьэзырым. Тхыдэр и Іэщ Іагъэу щымытми, дэтхэнэ адыгэми ещхьу, Иуан Пётр зытепсэлъыхьыр «илъэси 160-рэ дэкІа нэужьи, сыт и лъэныкъуэкІи иухакІэ уэсмыджэфын зауэрщ». ЩІэныгъэлІым игу кьоуэ апхуэдиз зэман зэрыдэкІам хуэдэу, тхыдэ пэжыр нобэр къыздэсым урысей цІыхубэми, дуней псоми я пащхьэ зэримылъыр. Адыгэ зэгухьэныгъэ, къэрал къулыкъущІэ ирехъу, лъэпкъ Іуэху зэрахуэныр пщэрылъ зыхуэхъуэхэм я къалэныр ягъэззэщІамэ, Урыс-Кавказ зауэм къыхэкІа лъэпощхьэпохэр гъэзэкІуэжа хъунут, езы Урысей къэралми лъэныкъуитІми нэплъэжьигъуэ яхуэхъун лъэбакъуэ махуэ ипэкІэ ячыфынут. А хэкІыпІэр къызэрамыгъуэтыфым нобэ адыгэхэри къэзакъхэри гугъу ирегъэхь, зэгурыІуэныгъэмрэ мамырыгъэмрэ хуэкІуэным и пІэкІэ, щІэблэм мыкІуэдыжьын зэпэщІэтыныгъэ къыхуагъэнэным нэсаущ.

«Нобэр къызэдэсым Урысейм щызэпыуакъым Урыс-Кавказ зауэр цІыху цивилизацэшхуэм хьэщхьэрыуэр зэрыдигуам теухуа тхыдэу къызыщыщхуэр» «Зеикъуэ» колхозым и инженер нэхъыщхьэу, иужькІэ «МэкъумэштехниКа» щІыналъэ зэгухьэныгъэм хьыхьэ «Бахъсэнагропромтранс»-м и Іэтащхьэу лэжьащ. «Зеикъуэ» колхозым и тхьэмадэ, «Бахъсэн щІыналъэ газ» Іэхуэщ Іапіэм и унафэщІ Іэнатіэхэм пэрытащ.

И адэм и лъэужьым ирикІуащ щІалэ нэхъыщІэр - Владимир. Октябрь РОВД-м щІэпхъаджагъэ ялэжьхэр зэхэзыгъэкІ и къудамэу Налшык кьалэ дэтым кьыщригъажьэри, ар илъэс 38-кІэ хабзэхъумэхэм яхэтащ. Милицэм и полковникщ, «ЛІыгъэ зэрихьам папщІэ» орденыр Урысейм и Іэтащхьэм и унафэкІэ кьыхуагъэфэщащ, нэгъуэщІ фІыщІэ дамыгъэ куэди иІэщ. Владимир «Наркотикым евэныныимкІэ Урысейм щыІэ ФСКН-м и Іуэхущ Іапіэм щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэри зэрехьэ.

Гу лъытатэхэу я адэшхуэм и цІэр зыфІащыжа Владимир и къуэ МухьэмэдИ и гъащІэр хабзэхъумэ Іэнатіэм зэрырипхами. Урысейм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкім и министерствэм щІэпхъаджагъэхэр зэхэгъэкІынымкІэ и къэрал управленэм нэхъ мыхьэнэшхуэ зиІэ ІуэхуэхэмкІэ и къудамэу Мэзкуу дэтым щолажьэ, езыр следователь нэхъыжьщ, юстициамкІэ майорщ. Пщэрыльэ кьыщащІ Іуэхугъуэхэм щигъэлъагъуэ зэфІэкІхэм папщІэ къэрал Іуэхущ Іапіэхэм къабгъэдэкІ фІыщІэ тхылъхэр мызэ-мытІэу къыхуагъэфэщащ.

ИЛЪЭСХЭР блокІ, апхуэдэхэзэрэ лІэужьхэри зэблокІ. Цыхум и псэукІэми, и дуней тетыкІэми, уеблэмэ и Іуэху еплыкІэми захуэзэж. Ауэ зызымыхъуэжыр зыщ - мамыр псэукІэм псори зэрыхуущІэкъурщ. Мамыру ущыпсэурщ махуэщІэ хъуэгъэ нэхум ущыгуфІыкІыу, Іуэхуэфіу блэжьым гухэхъуэ кьыуиту дунейм ущытетыфынур. Зэман бзаджэм хальхуами, я цІыхугъэ яфІэмыкІуэду, кьызыхэкІа лъэпкъымрэ щалъхуа щІыналъэмрэ ящыныгъупщу я псэр зыта куэдым я фІыгъэщ мамыр псэукІэм и гуращэр щІэмыкІуэдыр. Зауэшхуэ блэкІам Текіуэныгъэр кьыщыгтхуэзыхьа дэтхэнэ ди зы хэкуэгъуми хуэфащащ и цІэр кьиПІуэну, уатепсэлъыхьыну. Аращ мы тхыгъэ кІэщІым зэщІэкъуэпауэ а зауэм и курыкупсэм хэта, кьэралыгъуищым я Іэтащхьэхэр щызэрихьэлІа Ялтэ зэхуэсым щыІа ди щалэм и цІэр кхэтІэтын, утыкум кьитхьэн хуей щІэхъуар. Тхыгъэр пхуэгъэкІуэдыныкъым, ари фэеплъыр зэрахьэумэ зы Іэмалщи, кьытщІэхьуэ щІэблэм мы хьыбарыр зэралъэІэсынум шэч кьытетхьэркъым.

НЭХУЩ Ахьмэд, НЫР Іэуес.

• Гу зылъытапхъэ

Журналист ІэщІагъэм дихьэххэм папщІэ

Журналист ІэщІагъэм ныбжьыщІэхэр щыхагъэгъуазэ «Акулы пера» еджапІэм и лэжьыгъэм мы махуэхэм щІидзащ.

ІУЭХУР кьыззрегъэпэщ КъБР-м и Журналистхэм я зэгуфхэныгъэм, «Советская молодежь» газетым дэщІыгъуэу.

Къыхэгъэщыпхъэщ мы гъэм Іуэхур епщІанэу зэрызэхашэр. Республикэм кьыщыдэкІ «Советская молодежь» газетым и конференц пэшым щекІуэкІа апэ зэхуэсым кърихьэлІэхэм псалъэ гуапэхэм я щІэныгъэ зэхэщІыкІ ягъэкІуэн хэту мастер-классхэр, зэІуцІэ хьэлэмэтэхэр ирагъэкІуэкІыну я мурад.

«Акулы пера» дерсхэр кІуэ пэтми нэхъ цІэрыІуэ мэхъу. Абы и щыхьэтщ иджырейм нэхъапэ кьызэрагъэпэщахэм хэтахэм нэхърэ куэдкІэ нэхъыбэ кьызэрыхьыхьар. Ахэр хэти курыт школым щІэсщ, хэти студентщ, ящыныкъуэхэр щІыналъэхэм кьыщыдэкІ газетхэм я лэжьакІуэхэщ, Іэщ Іагъэ зэмылІэужьыгъуэхэм хуеджащэ ирилажьэу, журналистикэм дихьэхэри яхэтщ.

Егъаджэныгъэр и кІэм нэсмэ, абы зэрыхэтам щыхьэт техъуэ сертификатхэри иратыжынущ.

ХЬЭРЭДУРЭ Аллэ.

ФІыщ гулъытэр

• Псапэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мусылъымэн дин Іуэхущ Іапіэм (ДУМ) и нэІэм щІэт «Берычат» псапащІэ фондым и гулъытэр куэдым яльэІэс.

ДУМ-мрэ Ислъам университетымрэ зэгъусэу гущІэгъуэмрэ гулъытэмрэ я тхьэмахуэм я зэхуэхьэсыгъуэ ирагъэкІуэкІ. Абы ипкъ иту фондым и лэжьакІуэхэр хуэмыщІауэ псэу унагъуэхэм я дежи макІуэри, я псэукІэр зрагъэльагъу, зыхуэныкъуэр зрагащІэ.

Псапащ Іэ тхьэмахуэм кьриубыдэу ахэр унагъуэ щхьэхуэхэм яльэІэсащ икІи япэІэбащ ерыскъыхэкІ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ. Кьищынэмыщ Іауэ, щыгъыныгъуэхэри зэхуахьэсу абы хуэныкъуэхэм хуагъэшыну я мурадщ. Фондым кьыхилъхьа Іуэхум псапэ зэщІэну хуей дэтхэнэри хьхьэ хъунущ.

ХЬЭТУ Астемыр.

Ислъамым и нур

Зыгъэхьэзырар
ЖЫЛОКЪУЭ Лусаннэщ



● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

Сингапурым нэхъ жьы дыдэу щыIэ мэжджытыр Сулътан Хъусейн и цIэр зезыхьэрац.

1824 гъэм щегъэжьауэ 1826 гъэ пщIондэ зи гугъу тщIы Тхьэм и унэр иригъэщIащ Сулътан Хъусейн шейхым. Ар езым и уардзунэм пэгъунэгъут.

1900 гъэхэм мэжджытыр нэхъ ин ящIащ, ауэ ипэкIэ иIа теплъэр яхъуэжакъым. Нобэ абы зэуэ нэмэз щащIыф цIыху 5000-м. Мэжджытым щIэлъ алэрыбгъуэр Сауд Хъэрыпым тыгъэ къахуиущIащ. Абы щхьэуэ тIу тельщ, аэзн джапIэу плы иIэщ.

● Щапхъэ

Сэрмакъ псапащIэхэр

Дидан Зое

Дзэлыкъуэ щIыналъэм хиубыдэ Сэрмакъ хъуэжэм къыщалъхуа Дидан Зое Алыхьым и арэзыщIынгъэм телажьэ зэпытщ. Абы къызэригъэпэща «ПсапащIэ пэшыр» илъэситхум щIигъуааз я жьлэм щыIэщ.

Зое школыр къиуха нэужь, Налшык дэт педучилищэм щIэтIысхьэри, ехъулIэныгъэкIэ щеджащ. Иужьк1э, къуажэм игъэзэжри, щалэрэ школым егъэджакIуэу увыжащ, пэщIэдзэ классхэр и нэIэ щIэту. АдэкIэ завучу лэжьащ. Школым илъэс 37-кIэ щыIа нэужь, сабий садым я унафэщIу илъэс 17-кIэ щытащ.

Гъэнгъэпщхэ я унагъуэ ихьэри, и щхьэгъусэмрэ езымрэ хъыджэбзиплI зэдагъэутащ. Псори анэм и лъагъуэм техьащ икIи егъэджакIуэ IэщIагъэр зрагъэгъэтащ.

НобэкIэ Зое пенсэм щысщ. Ауэ щыхъуки, зы махуи лэжьыгъэнщэкъым, уеблэмэ, езым къызэрилъытэмкIэ, IэнатIэу ар зыпэрытауэ хъуам нэхъ жэуаплныгъэ ин дыдэ зыпылъыр нобэ зэлэжь Iэзхуг1уэращ. Зое къызэригъэпэщащ «Псапащ1э пэш». Апхуэдэ гухэлI бзылъхугъэ псэ къабзэм щищIым, къуажэ администрацэм и унафэщI Махуэ Руслан къритащ щIыпIэ администрацэм и ыпэ пэш. Зое пщэрылъ зыхуищIыжа кьалэныр хэуныкъуэхэм, зи Iэзху хэмыхъуэхэм, тхьэмыщкIэхэм, сымаджэхэм, зеиншэхэм ядэIэпыкъунращ. Щыгъыни ерыскъы хэкIи куэду зэхуахьэри, зыхуэфащэхэм хуагъэзи. Гъэ къэс, школ щIэтIысхьэжьигъэуэм ирихьэлIэу, сабий куэд къызыхуэтынщэу фэилъхьэгъуэкIэ зэпэщ ящI. Зое, Iэбэмэ игъуэту, сыт и лъэныкъуэкIи зыкъыщIагъакъуэ Темырчэ Анусэ, Лыджьэ Людмилэ, ХъуэкIуэн ФатIимэ сымэ.

Псапащ1э гупыр Сэрмакъ къуажэм дэсхэм я закъуэхъым сабэп зыхуэхъур, атIэ хамэ жылэхэми нос. Ветеранхэм я организацэм и нэхъыжь Хьэжкъасым Хьэзрэталий зэрыхуэзэфIэкIкIэ Iуэхум холэжьыжь, абы и автомашинэмкIэ хьэпшыпхэр яхуэзбгреш. КъищынэмыщIауэ, зэпыу имыIэу Зое хъыдоIэпыкъуцIыхухэм социальнэу къащхьэщыжынымкIэ щIыналъэ кIуэдамэм и унафэщI Къущхьэ Масирэт, «Зольские вести» газетым и редактор Бжьахьуэ Ранетэ, щIыпIэ Пенсэ фондым и унафэщI Мамбэт Люсэ сымэ.

Дидан Зое и пхъуипIри анэм и щапхъэм зэрытемыкIыным хущIэкъуу мэпсэу икIи сыт и лъэныкъуэкIи и Iэхум зэрызрагъэубгъуным толажьэ. «Псапащ1э пэшыр» къызэрызэрагъэпэщрэ илъэситху хъуащи, а зэманым къриубыдэу унагъуэ куэд ягъэгуфIащ абыхэм. Iэхум хэлэжьыхьыну гукъыдэж зыщI псоми ину фIыщIэ яхуещI.

«Дрогушхуэ Зое хуэдэ псэ къабзэ Сэрмакъ зэрыдэсым. Щыхур зэригъэгуфIэм хуэдэу, езыри гуфIэгъуэ щымыщIэу тхуэпсэуну Тхьэм дыхольIэу», - жаIэ къуажэдэсхэм.

● Мэжджыт цIэрыIуэхэр

Тхьэр арэзы зыхуэхъун Хьуд и гъащIэр

Алыхьым цIыхубэм къахуигъэкIуа лIыкIуэ псоми я кьалэн нэхъыщхьэу щытар и закъуэныгъэм цIыхубэр къыхураджэнырщ. ИкIи а кьалэныр псоми псэемыблэжу ягъэзэщIащ. ЛIыкIуэхэр Алыхьым хиIэтыкIа, нэхъыфIу илъэгъуа цIыхухэщ. Ауэ щыхъукIи, абыхэм нэхъыр нэхъ гугъуехь куэд зыгъэва щыIэкъым.

Хьуд (Тхьэр арэзы зыхуэхъуныр) яхуигъэкIуат Йеменым щыпсэу джаур гупым. Алыхьым цIыхуу къигъэщIауэ хъуам нэхъ лъэщ дыдэу икIи нэхъ ин дыдэу щыIар а гупраеу щIэныгъэлIэхэм я тхьилъхэм къыщокIуэ. Джаур гупым я пщы Джэлиджан лIыр апхуэдизкIэ инт икIи бзаджэри, и теплъэ къудейм игъащIэкэрт. Хьуд зыхуигъэкIуа а гупыр икIи гъащIэ кIыхьэт. Аэр илъэсищэм щIигъукIэ псэухэт икIи илъэсищэм зэ зы цIыху е цIыхуитI хэлIыкIми арат.

А бзаджащIэхэм Хьуд жиIэу зы псальи зэхахыну хуея къым. Абыхэм ягугъакъым кьапэлъэщын дунейм тету, я инагъымрэ я льащагъым щхьэкIэ я гумрэ я щхьэмрэ апхуэдизу зэтелъти. ЛIыкIуэ лъапIэм къыщыдахьэщхьу, я бынхэр мывэжмкIэ кърагъауэу щытащ. НэгъуэщIу жыпIэмэ, хьзаб куэд ирагъэзэчащ. Апхуэдэурэ, бзаджащIэ гупым илъэс блыщIкIэ гугъу ядекьащ ЛIыкIуэр. ИужькIэ ар Тхьэм елъэIащ абыхэм я цIыхубзхэр мылъхуэж ищIыну, бзаджащIэхэм я бжьыгъэ хэмыхъуэн папщIэ. Тхьэм лъэIур кьабыл ищIри, а илъэсым бзылъхугъэхэм ящыщ зыри лъэуакъым. ЛIыкIуэм и лъэIур Тхьэм кьабыл зэрищIар я нэгу щIэкIа пэтми, джаурхэм Iиман кьахьакъым, уеблэмэ нэхъ Iейж хъуахэщ. ИужькIэ Тхьэр губжьри, илъэсиблкIэ зэкIэлъэпыту уэшх къригъэшхакъым. Гъаблэ къыщыхьэм, гупым и ныкъуэр шхын щхьэкIэ зэтелIащ. Мис апхуэдэурэ джаурхэр куэдкIэ нэхъ мащIэ хъуащ. Ауэ хэнахэри етат, лей зэрахьэри мащIэтэкъым.

А зэманым гуэзвэгъуэ кьызылъэIэса псори Мэккэм кIуэурэ Тхьэм елъэIурт гущIэгъу кьахуищIыну.

Хьуд и Iумэтыр Мэккэм кIуэуэ Тхьэм щелъэIум, пшэ фIыщIэр Йеменым кьыщыхьэщыхьащ. Ар зылъэгъуа джаурхэр зэуэ къэгуфIащ, уэшх кьешыну кьафIэщIри, арщхьэкIэ Алыхьым и нэлатыр къатрилъхьэу арат. Жэщибл-махуибл кIэ мывыщIэжу жьышIуэ кьепщащ. Ар апхуэдизкIэ шынагъуэти, жыгъэр кьритхъыт, унэхэр зэтрикъутэрт, мывэхэр кърихьэкIырт. Алыхь Iэмырти, Iиман къэзыхьахэр Алыхьым кьихъэщащ, адрейуэ джаурхэм ящыщу зыри псэууэ кьэнакъым. Ахэр щIилпIытIажащ жьыбгъэм кьрахьэкIа мывэхэм. Мис апхуэдэу иныжь гупыр жьыбгъэкIэ Тхьэм игъэкIуэдыжащ.

Алыхьар арэзы зыхуэхъун Хьуд и ныбжьыр илъэси 150-рэ хъууэ дунейм ехьжащ.

● Упщ1эхэмрэ жэуапхэмрэ

- Жьэрымэ щыдгъэум деж лэкъумыр хъурейуэ дгъэжьэн хуейуэ щIыщытым и щхьэусыгъуэр сыт?

- Мыслъымэныгъэмрэ жьэрымэмрэ зыри зэхуаIуэхукъым. ЛIам жьэрымэ хуэдгъэун хуейуэ е ар абы и псэм лъысыну ислъам диным къыщыкIуакъым. Ар адыгэхэм хабзэ тхуэхъуауэ араща. Иджыпсту, ди жагъуэ зэрыхъунщи, гъунэгъуэр зэпоуэ жьэрымэ кьехьэкIынкIэ. Гуапэ хьу фIэкIа, псапэ пылъкъым. Апхуэдэр лIам и псэм лъысыну фигу кьэвмыгъэкI! Дунейм ехьжам и псэм лъысынур Iупщ1у КъурIэн лъапIэм къыщыкIуащ, хьэдисхэми зэпкрыхауэ къыджаIащ.

ЛIам и псэм лъысынущ, КъурIэн уху яджэмэ. КъищынэмыщIауэ, зи псэр хэкIам быныфI дунейм къытринамэ, абыхэм ялэжь IуэхугъэфымкIэ адэ-анэм я гуэныхь щхьэщIахьнущ. Езы лIам сабэпынагъ гуэр кьызыпыкI дунейм къытринамэ, псалъэм и хьэтыркIэ, лъэмыж трилъхьамэ, псы щIишамэ, тхьилъ щхьэпэ гуэр кьыдигъэкIамэ, апхуэдэхэр кьагъэсэбэпыху ар зи Iэдакъэ хъыщIокIа цIыхум псапэр хуатх.

Жьэрымэм и Iуэхум кьытезгъэзэжыну сыхуейщ. Апхуэдиз ахъшэ врЬэкIуэду гъунэгъум фыпеуэ нэхъри, зы зеиншэ, зы тхьэмыщкIэ, е жьыкIэфэкIэ зыхуэзфIэмыкI гуэр и ныбэ изу вгъашхэмэ е фхуапэмэ, фэркIэ нэхъыфIщ. Абы, шэч хэмылъу, кьыпэкIуэ псапэр гъунапкъэншэщ.

- Цы1ыубз дапщэм я цIэр кьыщыкIуа КъурIэн лъапIэм?

- ЦIыхубзу зи цIэр КъурIэным кьыщыкIуар Тхьэр арэзы зыхуэхъун Хьисэ и анэ Мэрьямщ.

- Хьэпэщыпхэм, нэ лейм, фыгъуэм ущызыхъумэ сурэхэр КъурIэным кьыщыкIуащ. Сыт хуэдэхэра ахэр?

- Хьэпэщыпхэм, нэ лейм, фыгъуэм ущызыхъумэ сурэхэщ - «Аль Фэлэкъ»-р, «Нас»-р.

- ЛIыкIуэ лъапIэм жиIащ: «Мыпхуэдэ сурэм еджэм и лъапсэм шеитIаныр къихьэнукъым», - жери. Сыт хуэдэ сурэ эи гугъу ищIар?

- «Бэкъэрэ» сурэм щеджэ лъапсэм шейтIаныр къихьэнукъым.

- ЛIыкIуэ лъапIэм и хьэдисым къыщыкIуащ: зы сурэ гуэрым и ятIэ тIупщIыр зэзыгъащIэр Дэджалым щихъумэну. Сыт хуэдэ сурэ эи гугъу ищIыр?

- «Каф» сурэм и ятIэ Iэятитпщ1ыр зэзыгъащIэр Дэджалым щихъумэнущ (хьэдисым къыщыкIуащ).

● Хьэдис лъапIэхэр

♦Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Нэщ1ыр ерыскъымрэ псымрэ зыщIпхъумэ къудейкIэ зэфIэкIыркъым, атIэ уи жьэм кьыжьэдэкI псалъэми ухуэсакъым хуейщ».

♦ЛIыкIуэм жиIащ: «Сэ жьзымыIа жьыс1ауэ зыIутэм и псэуп1энур жьихьэнмэращ».

♦Iэбу Iумамэ къыIуэтэжащ мы хьэдисыр: «ЛIыкIуэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIэу зэхэсхащ: «КъурIэн феджэ. Шэч хэмылъу, Къемэт махуэм къыфщхьэщыжынущ фызэджа КъурIэныр».

♦ЛIыкIуэ лъапIэм (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) жиIащ: «Тыгъэхэр зыхуэфщI, зым адрейр вгъэгуфIэ. Абы щIигъэбыдэнущ фи зэхуаку дэлъ лъагъуныгъэр».

♦Хьэдисым щыжеIэ: «Шэч хэмылъу, Алыхьым фIыуэ ильагъу цIыхухэми фIыуэ имылъагъухэми дуней насыл къуэдкIэ хэзоупсэ. Ауэ фIэщхъуныгъэрэ IиманкIэ зыхуэупсэр фIыуэ ильагъу къудейхэращ».

♦«Ислъам динымкIэ щIэныгъэ зэзыгъэгъуэтыну гъуэгу теувахэр Алыхьым и гъуэгум тетщ я унэ екIуэлIэжьхухкIэ».

ЙЕМЕН къикIа гуп зэгуэрым Мухьэмэд бегъымбарым (Тхьэм и нэфIыр зыщыхуам) и деж къакIуэзэри, къелъэIуащ Алыхьым дунейр къызэрригъэщIа щIыкIэм къахутепсэлъыхьыну. ЛIыкIуэ лъапIэм Алыхьым къыбгъэдилъхьа щIэныгъэм къыбгъэдэкIыу жэуап итащ: «Зыри щыщIымыIэм Алыхьыр щIыащ. Жэщи махуи, дыгъи мази, дунейгъи, ахърэти, хьэуаи - зыри щыIэтэкъым, ауэ Алыхьыр сыт щыIуэри щыIащ».

Алыхьым ягъ дыдэу къигъэщIар псыращ. Абы иужькIэ къигъэщIа псори псым къыхэкIащ. Iэбу Хьурейрэ жиIауэ ибн Хьиббан къиIуэтэжащ мы хьэдисыр: «Шэч хэмылъу, Алыхьым къигъэщIа псалъэ хуэдизкIэ къыпхуэмыIуэтэну «Хьэрш»-р. Абы и инагъыр зыхуэбгъэдэфын зыри щыIэкъым. Хьэршым и теплъэр хуегъадэ лъакъуиплI зыщIэт Iэнэ плIимэм. Ауэ абы лъакъуэкъым щIэтхэр, атIэ мелыныч1ыплIм яIыгъыу аращ. Ар зыIыгъ мелыныч1хэр куэдкIэ нэхъ цIыкIуу хьэршым нэхъыр. Ауэ щыхъукIи, абыхэм я инагъым теухуауэ мыпхуэдэу кьыщокIуэ дин щIэныгъэлIхэм я тхьилъым: «Хьэршыр зыIыгъ мелыныч1хэм я тхьэкIумэм щегъэжьауэ я дамэ хуэдейм нэс зэхуакуу дэлъыр хуегъадэ Алыхьым нэхъ псынщIэ дыдэу къигъэщIа кьуалэбзум илъэс 700-кIэ икIуну гъуэгуанэм (фи нэгу къыщIэзгъэхьэт мелыныч1ым и щхьэм щегъэжьауэ и лъакъуэм нэс дэлъ зэхуакум и инагъыр). Хьэдисым мыпхуэдэу къыщыкIуащ хьэршым и теплъэр: «Шэч хэмылъу Алыхьым хьэршыр къыщIигъэщIар и зэфIэкIым щыхьэт техъуэу араща».

Псымрэ хьэршымрэ иужькIэ Тхьэм къигъэщIащ нэхум и бзийм хуэдэу ину Кьалэмышхуэмрэ Лэуэхьул Мухьфуэзымрэ. Кьалэмым и кIыхьагъэр тхьилъым кьыззэрыщIкIуамкIэ, уафэм щегъэжьауэ щыIэ псым нос. «Лоухьул Мэхьфуэ»-р - щIыхьр псы тIкIуэпсу ныбэм щрищIа дакъикъэм щегъэжьауэ дунейм ехьжыху и гъащIэр къызэрекIуэкIынур зэрытращ. Абы и инагъым кьызэщIеубыдэ КъуэкIыплэм щегъэжьауэ Къухьэпэм нэс. Алыхь IэмыркIэ зи гугъу тщIы Кьалэмым Лэуэхьул Мэхьфузым иритхащ дунейр кьутэжьхуэкIэ кьэхъуну-кьэщIэну псори.

Абыхэм иужькIэ Тхьэм къигъэщIащ уафэ кьатиблымрэ щIы кьатиблымрэ. А Iуэхум теухуауэ КъурIэн лъапIэм кьыщыкIуащ мы IэятIр: **«Шэч хэмылъу, Алыхьым къигъэщIащ уафэхэри щIыпIэхэри махуихэм къриубыдэу. Ар ешыркъым».** ЩIэныгъэлIхэм я тхьилъым къызэрыщыкIуамкIэ, щIылъэхэр махуитIым и кIуэцIкIэ къигъэщIащ - тхьэмахуэмрэ блыщхьэмрэ. Уафэхэр кьыкIэлъыкIуэ махуитIым - губжьымрэ бзэрэкьеймрэ. КъыкIэлъыкIуэ махуэхэу махуэкумрэ мэремымрэ къигъэщIащ уафэхэмрэ щIылъэхэмрэ я зэхуаку щыIэ псори (бгы, жьг, псы, мелыныч1хэр, жинхэр, н. кь.).

Иужьу Алыхьым къигъэщIар цIыхуращ. Iэдэм мэрем махуэу къигъэщIащ. Абы теухуауэ мыпхуэдэ хьэдис Iимам Мусылъым кьыIуэтэжащ: «Махуэхэм я нэхъыфIыр мэрем махуэращ. А махуэм Iэдэм бзэрэкьеймрэ. КъыкIэлъыкIуэ махуэхэу мэремымрэ къигъэщIащ: **«Алыхьым цIыхур къигъэщIри, теплъэу щыIэм я нэхъ дахэмкIи хуэупсащ».** Iэдэм Хьэуа къыхуигъэщIащ. Абы теухуауэ КъурIэным къыщыкIуащ мы IэятIр: **«Бзылъхугъэхэм фахуэсакъыу фабгъэдэт! Сыт щхьэкIэ жьыфIэмэ, цIыхубзыр Къыхэтщ1ыкIащ ищхьэмкIэ щыIэ фи дзажэналъэ нэхъ Iушэ дыдэм. Ар фуэзхуну яужь фихьэмэ, зэфIэщыкIынущ, фемыIусэххэу къэвгъанэми, Iушэу къэнэнущ. Абы щхьэкIэ, фабгъэдэт абыхэм фыс1акъыу, губзигъэу».**

Ипэ дыдэу Алыхьым къигъэщIар

ГъэжьауэмрэИ лъакъуэм нэс дэлъ зэхуакум и инагъыр). Хьэдисым мыпхуэдэу къыщыкIуащ хьэршым и теплъэр: «Шэч хэмылъу Алыхьым хьэршыр къыщIигъэщIар и зэфIэкIым щыхьэт техъуэу араща».

Псымрэ хьэршымрэ иужькIэ Тхьэм къигъэщIащ нэхум и бзийм хуэдэу ину Кьалэмышхуэмрэ Лэуэхьул Мухьфуэзымрэ. Кьалэмым и кIыхьагъэр тхьилъым къызэрыщыкIуамкIэ, уафэм щегъэжьауэ щыIэ псым нос. «Лоухьул Мэхьфуэ»-р - щIыхьр псы тIкIуэпсу ныбэм щрищIа дакъикъэм щегъэжьауэ дунейм ехьжыху и гъащIэр къызэрекIуэкIынур зэрытращ. Абы и инагъым къызэщIеубыдэ КъуэкIыплэм щегъэжьауэ Къухьэпэм нэс. Алыхь IэмыркIэ зи гугъу тщIы Кьалэмым Лэуэхьул Мэхьфузым иритхащ дунейр кьутэжьхуэкIэ кьэхъуну-кьэщIэну псори.

Абыхэм иужькIэ Тхьэм къигъэщIащ уафэ кьатиблымрэ щIы кьатиблымрэ. А Iуэхум теухуауэ КъурIэн лъапIэм кьыщыкIуащ мы IэятIр: **«Шэч хэмылъу, Алыхьым къигъэщIащ уафэхэри щIылъэхэри махуихэм къриубыдэу. Ар ешыркъым».** ЩIэныгъэлIхэм я тхьилъым къызэрыщыкIуамкIэ, щIылъэхэр махуитIым и кIуэцIкIэ къигъэщIащ - тхьэмахуэмрэ блыщхьэмрэ. Уафэхэр кьыкIэлъыкIуэ махуитIым - губжьымрэ бзэрэкьеймрэ. КъыкIэлъыкIуэ махуэхэу мэремымрэ къигъэщIащ уафэхэмрэ щIылъэхэмрэ я зэхуаку щыIэ псори (бгы, жьг, псы, мелыныч1хэр, жинхэр, н. кь.).

Иужьу Алыхьым къигъэщIар цIыхуращ. Iэдэм мэрем махуэу къигъэщIащ. Абы теухуауэ мыпхуэдэ хьэдис Iимам Мусылъым кьыIуэтэжащ: «Махуэхэм я нэхъыфIыр мэрем махуэращ. А махуэм Iэдэм бзэрэкьеймрэ. КъыкIэлъыкIуэ махуэхэу мэремымрэ къигъэщIащ: **«Алыхьым цIыхур къигъэщIри, теплъэу щыIэм я нэхъ дахэмкIи хуэупсащ».** Iэдэм Хьэуа къыхуигъэщIащ. Абы теухуауэ КъурIэным къыщыкIуащ мы IэятIр: **«Бзылъхугъэхэм фахуэсакъыу фабгъэдэт! Сыт щхьэкIэ жьыфIэмэ, цIыхубзыр Къыхэтщ1ыкIащ ищхьэмкIэ щыIэ фи дзажэналъэ нэхъ Iушэ дыдэм. Ар фуэзхуну яужь фихьэмэ, зэфIэщыкIынущ, фемыIусэххэу къэвгъанэми, Iушэу къэнэнущ. Абы щхьэкIэ, фабгъэдэт абыхэм фыс1акъыу, губзигъэу».**

● Фи лъэIукIэ

Гъатхэпэм и нэмэз щIыгъуэхэр

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщIэкIыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, тхьэмахуэ	05.20	06.43	12.28	15.32	17.55	19.28
2, блыщхьэ	05.18	06.41	12.28	15.33	17.57	19.29
3, гъубж	05.17	06.40	12.28	15.34	17.58	19.30
4, бэрэжьей	05.15	06.38	12.28	15.35	17.59	19.31
5, махуэку	05.13	06.36	12.27	15.35	18.00	19.32
6, мэрем	05.12	06.35	12.27	15.36	18.02	19.34
7, щэбэт	05.10	06.33	12.27	15.37	18.03	19.35
8, тхьэмахуэ	05.08	06.31	12.27	15.38	18.04	19.36
9, блыщхьэ	05.06	06.29	12.26	15.39	18.05	19.37
10, гъубж	05.05	06.28	12.26	15.39	18.07	19.39
11, бэрэжьей	05.03	06.26	12.26	15.40	18.08	19.40
12, махуэку	05.01	06.24	12.26	15.41	18.09	19.41
13, мэрем	04.59	06.22	12.26	15.41	18.09	19.43
14, щэбэт	04.57	06.21	12.25	15.42	18.11	19.44
15, тхьэмахуэ	04.55	06.19	12.25	15.43	18.13	19.45
16, блыщхьэ	04.54	06.17	12.25	15.44	18.14	19.46
17, гъубж	04.52	06.15	12.24	15.44	18.15	19.48
18, бэрэжьей	04.50	06.13	12.24	15.45	18.16	19.49
19, махуэку	04.48	06.12	12.24	15.46	18.17	19.50
20, мэрем	04.46	06.10	12.23	15.46	18.19	19.52
21, щэбэт	04.44	06.08	12.23	15.47	18.20	19.53
22, тхьэмахуэ	04.42	06.06	12.23	15.47	18.21	19.54
23, блыщхьэ	04.40	06.05	12.23	15.48	18.22	19.56
24, гъубж	04.38	06.03	12.22	15.49	18.23	19.57
25, бэрэжьей	04.36	06.01	12.22	15.49	18.25	19.58
26, махуэку	04.35	05.59	12.22	15.50	18.26	20.00
27, мэрем	04.33	05.57	12.21	15.50	18.27	20.01
28, щэбэт	04.31	05.55	12.21	15.50	18.27	20.02
29, тхьэмахуэ	04.29	05.54	12.21	15.51	18.29	20.04
30, блыщхьэ	04.27	05.52	12.20	15.52	18.30	20.05
31, гъубж	04.25	05.50	12.20	15.53	18.32	20.07

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Мыслъымэнхэм я Iуэхущ1апIэм къыдитащ.

Экономикэ Политикэ
Махуэ
Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Конституцэ

Зыхуитхэмрэ зыхуимытхэмрэ

Урысейм и Конституцэм хагъэхьэну зэгъэзэхуэжьныгъэхэр къыщахалъхьэ хьуну пІалъэр гъатхэпэм и 2 пщІондэ ягъэІэпэхьуащ. Жэрдэмхэр куэд мэхъу икІи абыхэм ящыщ языныкъуэхэр хэІущІыІу ящІакІэщ.

Арэзы темыхъуэмэ...

Зэгъэзэхуэжьныгъэхэр гъэхьэзырыныжьмкІэ лэжьакІуэ гупым и унафэщІхэм языхэз Крашенников Павел къыдгурегъаІуэ Президентым и хуитыныгъэхэр: министрхэм я кабинетым хагъэхьахэм я Іыхьэ щанэм щІигъум арэзы техъуэн (къищтэн) имыдэмэ, ар хуитщ Къэрал Думэр зэбгриутІыпщыкІыжьну.

Хуадэнукъым

Крашенниковым апхуэдэу щыгъуазэ дещІ министрхэм хуагъэув мардэхэм: премьер-министрым, вице-премьерхэм, министрхэм, гъэззщІакІуэ властым и федеральнэ органхэм я унафэщІ нэгъэщІхэм хуадэнукъым Урысейм и щІыбкІэ щыІэ хамэ къэрал банкхэм ахъшэхэмрэ тхылъымПІэ лъапІэхэмрэ щахъумэу.

И къулыкъум текІа иужькІэ

Лэжьакіуэ гупым хэт Лаховэ Екатеринэ къыхиІулъхьащ Урысейм и президенту щытахэм зыри кьемыІусэным и хабзэр Конституцэкіэ щІагъэбыдэну.

- Конституцэм щыгъуэращ Президентым зыри емыІусэным и хабзэр. Араща абы Урысейм и суверенитетыр ихъумэну Іэмал кьезытыр. Ауэ а хабзэр ялъэІэсын хуейщ зи къулыкъум текІа президентхэми, - жиІащ Лаховэм.

Хеящ Іэм и къалэныр

Куэд топсэльыхь игъэззщІэну къалэныр зыхуэдэр иджы ящэу Конституцэм къыщагъэльэгъуэну Къэрал Советым. Лэжьакіуэ гупым и унафэщІитІым языхэз Климшаус Андрей и псалъэхэм ятепщІыхьмэ, ар, ипэжыпІэкІэ, хеящІэу (судыщІэу) щытын хуейщ щІынальэхэм, федеральнэ центрым, правительствэм яку къыдэхъуэ Іэхуэхэр щызэфІагъэкІкІэ.

● Унафэхэр

Дыгъэгъаззм и 31-р зыгъэпсэхугъуэу щытынукъым

Илъэсым и иужьрей махуэм и Іэхуэхэр зэІубэу иджыри къэс щытакъым. Язныкъуэ гъэхэм ар мылажьэгъуэ къыщІедэ. Псалъэм папщІэ, блыщьым техуэмэ, лэжьэгъуэр абы ипэ ит щэбэтым трагъахуэ. Ауэ нэгъабэ хуэдэу нэгъуэщІ махуэхэм хуэзэмэ, ар лэжьэгъуэ мэхъу.

ИНТЕРНЕТЫМ кьралъхьахэм уахэплъэмэ, уолъагъу дыгъэгъаззм и 31-м загъэпсэхуным куэд зэрителхьэр. Апхуэдэ жэрдэм кьыхилъхьат сенатор Леонов Сергей. Арщхьэкіэ депутатхэр Іуэхум нэгъуэщІу бгъэдыхьащ. Абыхэм жаІащ зыгъэпсэхугъуэр зы махуэм ирахьу адрейм ягъэІэпэхьуэну Лэжьныгъэ кодексым хуит зэрищІыр. Зэрыгурыуэгъуэщи, хуей хьумэ. ЖытІэнщи, дыгъэгъаззр блэкІам а хуитныгъэр кьагъэсэбэпащ щІынальэ куэдым. Ауэ дыгъэгъаззм и 31-р «гъущІым хуэдэу» зыгъэпсэхугъуэ махуэу ягъэувын ядакъым.

● КъулыкъущІэхэр

Мыдыхьэгъамэ, дыхьэшхэнт

УФ-м и Премьер-министрщІэ Мишустиным и блыгущІэтхэм яхуигъэуващ яхуэмыщІэныжьмкІэ щІыхуэхэр хъамыгъэгугъэну. Ар хуабжьу зи чэзущ: дэ драгъэсащ бгыр якъутэну, батэр ягъэшыну, мыгувэу псори ефІэкІуэжьну дыкъагъэгугъэу. Ауэ иужькІэ ящогъупщэжри, псори Іуэху жьгъеІейхэм хуокІуэж. Ахэр ину къыщагъэхъуну хущІокъу. Псалъэм и хьэтыркІэ, сабий садым и унэм щызэрахъэжкІа щхьэгъубжихьымрэ гуфІэгъуэжкІэ къызэІуах, ленті плъыжь зэпауэщІри. Апхуэдэ гуфІэгъуэ зэхъыкъэрэ иращІэкІ сытми: автобус къэувыІэпІэщІэми, спортым зыхуагъэсэным хухаха пэшми, уеблэмэ, къалэм дащІыхьа... псыунэми. Дэ дыгушыІэркъым: ищхьэкІэ къыщыдэкІ газетхэм я журналистхэр куэдрэ тотхыхь ленті плъыжьыр зэпыупщІыныжьмкІэ ерыщ щІыпІэ къулыкъущІэхэм.

ИКІИ, дауи, ягъэву улахуэхэмрэ пенсэхэмрэ зэпымыууэ зэрыхагъахьуэр. Пэжщ, хагъэхъуар зыхуэдизыр жаІэн яФІэфІкъым, ауэ щІыхуэхэм ялъагъуркъэ емыкІу дыдэ хэпІуэ зэрагъэпудыр? Абы ахэр зэгуигъэп къудейщ.

Карелием щыщ пенсионерым иджыблагъэ щІыпІэ парламентым и депутатхэм тыгъэ яхуищІащ псыунэхэм къыщыкІадзэ тхылъымпІэ шыхьаитІ. Ар лэжьыгъэм и ветеранхэм я пенсэхэм хущІагъуа сом 21-м папщІэ яхуищІ фІыщІэщ: «Лэжьыгъэм и ветеран псоми я щІэкІэ «берычэт бесын» ежьэзоІэ. КьысхуащІэвгъуа ахъшэм къыщІэкІа тхылъымпІэ шыхьаитІыр ныфхуэзогъэхь фэ езыхэм фызэрыхуейуэ къэвгъэсэбэпын папщІэ».

Иужь зэманым индексацэм пыщІа-уэ апхуэдэу емыкІу зыпылъ Іуэху куэд къыщІохъу ди къэралым и щІыналъэ псоми. Дэ и гугъу тщІыхьэркъэ емыкІу дыдэ хэпІуэ зэрагъэпудыр? Абы ахэр зэгуигъэп 2016 гъэ лъандэрэ индексацэм зэрыхагъэкІам, ауэ езы къулыкъущІэхэм яйхэр тІысыжахэм хуэдэ дыдэу зэраІэтым. Абы щыгъуэми, къыпхуэмылъытэн хуэдизу нэхъыбэкІэ.

ЦІыхухэм яхуэхъыжьыркъым ягъэпудын дэнэ къэна, деладэ къызэрыраллъыр. Плехановым и цІэр зезыхьэ Урысей экономикэ университетым и доцент Ивановэ-Швец Людмилэ къэхь абы и щапхъэхэр: «Курган щыщ зы пенсионеркэм щІышылэм и 1-м зы сомрэ кІэпІейкІи 10-рэ, Кемеровэ щыщ нэгъуэщІми зы кІэпІейкІэ (!) хущІагъуащ. Зыгуэркэм я сабий щІынальэ пособиехэм сими 5-кІэ, ветеранхэм яІэрыхьэхэм сом 15-кІэ хагъэхъуащ. Федеральнэ льготэ зиІэхэм мазаем и 1-м къхъущІагъуахэм куэд игъэдыхьэшхащ. Камчаткэ и телевиденэми нэтынхэр езыгъэкІуэкІ цІыхубзыр мыдыхьэшхыу къеджэфакъым социальнэ льготэхэм хуагъэува уасэщІэхэм: хущхъуэхэр кърипщэхуну къуатынущ сом 889-рэ, санаторэхэм уэрыкІуэну тхыльым сими 137-рэ, хьщІоІэзэну щІыпІэм укІуэу укъызэрыкІуэжьным сими 127-рэ хуагъазэ. Плъэкімэ, умыдыхьэшх».

Къэралыр пенсэхэмрэ пособиехэмрэ индексацэ ищІыну зэрыхущІэкъур белджылыщ. Ауэ захэр дыхьэшхэну щхьэ щІэ? Ди пенсэхэр щІыну араш. НэгъуэщІ щхьэусыгъуэр къызыхэкІыр инфляцэр зэрыдэкІуеят проценти 3-рщ - араш индексацэ щащІкІэ пщІалъэ ягъэувыр. Арщхьэкіэ дэ зыхэтщІэркъэ уасэхэм нэхъ льагъэ зэрызэІэтар? Псом ящэу ерыскъымрэ ЖКХ-м и Іуэхутхьэбзэхэмрэ щІэттхэм? Европэм пенсэхэр процент 0,2-кІэ фІэкІа щыхамыгъахьуэми, цІыхухэр хъагъэбжьыркъым: абыхэм ящІэ инфляцэм зэрыдэкІуеят проценти 3-рщ - араш индексацэ щащІкІэ пщІалъэ ягъэувыр. Арщхьэкіэ дэ зыхэтщІэркъэ уасэхэм нэхъ льагъэ зэрызэІэтар? Псом ящэу зэрызамыльхьэжьр. Дэ дэж псори сыт щыгъуи нэхъ льапІэ щІохъу, ульэщІмыхьэу. Абы щыгъуэми, ягъэныкъуэхэм дежь лъабжьэ гуэри щымыІэу. АрІэ, цІыхуу щІыкІуэр махуэ кьэс зыІууэхэр ялъагъуркъэ инфляцэр проценти 3 фІэкІа мыхъуу зыгъэув кІулъкъущІэхэм? Аращи, «сылъэжьнщ» жаІэмэ, Мишустиным и министрхэм зэлэжьыни зэгупсысини я куэдщ.

● Къэрэшей-Шэрджэс

Уи жьэм псалъэ фІейхэр къыжьэдэкІмэ...

Мыр къыщыхъуар КъШР-м щыщ Учкекен къуажэм дэт район сымаджэщырщ. Дежурнэ хирургыр щыст зыгуэрхэр итхыну. Абы хуэтхъэусыхэну хущІэкъуащ щІакъуэ башитІ зыІыгъ лІыжьыр. Дохутырым псом ящэу игу иримыхьар къыщыхьам «Си къуэ щІыкІу» жиІэу зыкъыгъэзэрыуигъэзарщ.

- Сэ уэ срыуикъуэ щІыкІукъым, зи анэр... - кьеХъуэнащ абы дохутырыр.

А папІэзэпІэм адэкІэ къыщыт щІалэр бгъэдэлъадэри, хирургым и нэкІум хэуащ. Зэззуэн щІадзащ. Ахэр къыщагъэувыІэфар адрей дохутырхэр хэсэ иужькІэщ. Къэхъуар видеокІэ трахри, сетхэм иралъхьащ.

- Мы зэманым хирургыр лажьэркъым: щІалэм щезэуэм игъэята фэбжьыр егъэхъуж. Хъужмэ, хабзэхъумэхэм Іуэхур зэрызэхагъэкІар и лъабжьэу, сымаджэщым и Іэтащхьэхэм унафэ тращІыхьынущ ар ягъэзэжьынрэ ямыгъэлэжьынрэ, - щыжаІащ КъШР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министерствэм.

«Комсомольская правда» газетым и журналист Шаповалов Антон зэритхьмкІэ, ущыуэнкІэ умышынэу жыпІэ хъунущ дохутырыр и лэжьапІэм Іуэгъэкіыну. Апхуэдэу тезыр тралъхьэнущ сымаджэщым и унафэщІми.

- Сэ шэч гуэри кьытезмыхьэу кьызэгурыІуащ ар ди ІэщІагъэм зэрымыщІэкІэ кьихъэзэрысьа цІыхуу зэрыщытыр. А дохутырыр ди республикэм щыпэжьэжьыкъуэсым. Мыбдеж щызэхуэми щыкъуанэшэм, ар щебэкъуащ узыщхьэдэх мыхъуну мардэм. Дэ дыхуиткъым зыкъытхуэзыгъаззэкэм апхуэдэу депсэльэну, - жиІащ республикэм узыншагъэр хъумэныжьмкІэ и министр Шаманов Казим.

Хирургым хэуа щІалэм хабзэхъумэкэр пкърыупщІыхьащ. Иджы ахэр хопльэ зэраубзрэжьам теухуауэ дохутырым итха тхьэусыхафэм.

● Щ Іыпі э телъыдж эхэр

Норвегием и къуэхэпІэ пэнныкъэм щыІэ Нурхеймсунн къалэм километри 2-кІэ фІэкІа пэмыжьыжьэ Стейнсдальсфосс псыкъелъэр Фосселвэ псым щыщ Іыхьэщ. Метр 20 къудей фІэкІа имыльагагъми, абы щІыху куэд еплъыну макІуэ. Езы псыкъелъэм и кІуэцІым пхрыкІ лъэмыж щІыкІуэмкІэ щІыхуэхэм Іэмал ягъуэт псым и ежэхыкІэм еплъыну. Езыр Фосселвэ 1699 гъэм зэгуэкІа иужь къэхъуащ. Псыр апхуэдэу щІэрыІуэщи, дуней псом щынэхъ лъапІэщ. Норвегием щыпсэуэхэм фейдэ хэхьпІэ хъарзынэ къагъуэтащ: псы литр нэмкІуэ къэс доллар 35-кІэ ящэ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Здагъакіуэ Іэнатіэр къуіэтырт

Арат къулыкъукІэ псынщІэу щІыдэкІуейм и щхьэусыгъуэри

кэм и лІыкІуэу Сталинград фронтым щІащ икІи зауэлІэр зэщІигъэуІуащ, абыхэм я обгъэрыкІуэныгъэр къызэригъэпэщащ.

1943 гъэм мазаем и 16-м Василевскэм Совет Союзым и Маршал цІэр фІащащ - ар нэхъ льагаліэ ин дыдэт икІи адэкІэ удэкІуеиныгъэ-къым. ГъэщІэгъэнщ, ауэ махуэ 29-рэ ипэкІэ ар армэм и генерал хуэ къудейт. МаршалыщІэм Курск зэхэуэ ин дыдэм щызэщІигъэуІуащ Степной, Воронеж фронтхэм я дзэхэр.

1944 гъэм мэлыжьыхьым и 10-м, Одессэ хуит къыщащІыжьа махуэм, Василевскэм къыхуэуопсащ «Текіуэныгъэ» орденымкІэ. Дзэ гупыщхуэхэм я унафэщІхэм папщІэ ягъэва а дамыгъэр ящэу зратар Жуков Георгийщ, Василевскэр етІуанэщ, Сталиныр ещанэщ. Мыри къэгъэльэгъуэн хуейщ: зи гугъу тщІы орденыр псоми зэхэту дзэзешэ 17-м хуагъэфащащ, ауэ щы къудейрщ - Жуковыщ, Василевскэр, Сталиныщ - ар тІэунейрэ зратар. А етІуанэр зи гугъу тщІы цІыхум къыхуагъэфэщащ Кенигсберг къызэращтэну щІыкІэр зэрызэхилъхьам папщІэ.

Жуков зауэшхэм егъэщІылъа Іуэху псоми хэтащ дзэзешэ лІыхъужьыр. Ар имыкъуна щІыкІэ Василевский, Александр Іуэхуэ ІпІэ Жьжьэм къыщыхутащ. «Василев» унэцІэр и паспортым иту икІи генерал-полковникым и фащэр щигъуеу ар 1945 гъэм бадзэзэгъуэм и 30-м Къуэкіыпі э Жьжьэм щыІэ советыдзэ псоми я унафэщІу ягъэуващ. Японием и Квантун армэ лъэщыр зэхэкъутэныр акъылыфІэу къызэрызэригъэпэщам къыхэкІыу абы етІуанэ «Дыщэ Вагъуэр» къыхуагъэфэщащ (ящэ 1944 гъэм бадзэзэгъуэм и 29-м къратахэт Белоруссиемрэ Прибалтикэмрэ хуит къащІыжьыным хэлъхьэныгъэ ин зэрыхуищІам къыхэкІыу).

Зауэ нэужьым 1948 гъэр къэсыу Штаб Нэхъыщхьэм и унафэщІу щытащ, министр къулыкъур иІыгъащ. Сталиныр лІа иужь хэутэн зэращІар Василевскэмэ кьыпІэІэсащ. 1953 гъэм гъатхэпэм и 16-м къыщыщІэдзащэ 1956 гъэм гъатхэпэм и 15-м нэсыху зыхъумэжьныгъэмкІэ министрым и ящэ къуэдзэу гъэжьащ, ауэ иужькІэ езыр пльаІэри, а къулыкъум текІащ. Куэдым кьалъытэ ар зи зэранр Хрущевы.

ЦІыхьым щыгъэна маршалыр 1977 гъэм дыгъэгъаззм и 5-м дунейм ехьжащ, илъэс 82-рэ и ныбжьы. Абы и цІэр зэрахъэ ди къэралым и кьалэ куэдым я уэрамхэм, хьэуар хъумэныжьмкІэ академием, апхуэдэу щыІэщ «Маршал Василевский» кьурш папІэкрэ «Маршал Василевский» мылъпІэрэ.

● Гъэзауэ зэхэт

Ди щІалэхэм я Іутіыж

Краснодар дэт «Баскет-Холл» спорт комплексым мазаем и 21-м щекІуэкІащ «АСА 104» зэзауэ зэхэтхэмкІэ зи чэзу зэхьэзэхуэ. Мыпхуэдэ зэІущІэхэм и урысейпсо къызэгъэпэщащІэ пашэхэм ящыщ «Absolut Championship Akhmat» и пшыхьым щызэхэтащ зэпэщІэтыныгъэ 14. Абы текІуэныгъитху къыщахьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм.

ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ и зэІущІэ нэхъыщхьэм **КІэрэф Аэмэт** (кг 57-рэ) хьэрхуэрэгъу къыщыхуэхъуащ Шэшэным щыщ Хатуев Мансур. Судьяхэр зэдзэрэзыуэ текІуэныгъэр къыхуагъэфэщащ адыгэ щІалэм икІи «АСА» лигэм и нэхъ псынщІэ дыдэ лІэужьыгъуэм ар и чемпион хъуащ.

Апхуэдэу судьяхэм я унафэкІэ текІуэныгъэр иратащ зи хьэлъагъыр килограмм 77-м нэблагъэ **Багъ Алий**. ЗэІущІэм и кІыхьагъкІэ ар ефІэкІащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикІа Таунсенд Адам. Фигу къэдгъэкІыжьинци, «Халк» зи цІэ лей ди щІалэр дяпэкІэ щызэзэунщ хьэльагъ курыт зиІэхэр щызэпеуэ дивизионым. Абы зригъэІпІыльэкІащ «АСА»-м и хъэльагъ псынщІэм и чемпионым и бгырыпхыр.

ЗэІущІэм и ящэ раундым и еплІанэ дакъикъэр екІуэкІыу **КІуэкІуэ Мухьэмэд** (кг 70) и пщэр фІиубыдыкІри, зимытыну Іэмал иІакъым Шэшэным щыщ Магомадов Висхан.

Ещанэ Іыхьэм и ещанэ дакъикъэр икІэм нэмысу КІыщ Рэмэзан (кг 66-рэ) игъэмэхащ бразил спортсмен Отавио дос Сантос.

«АСА»-м ящэу утыку къыщихьа **Туменов Биберт** (кг 66-рэ) дакъикъитІым щІигъум къриубыдэу текІуащ США-м щыщ спортсмен Іэзэ Рейес Кайл. ЕбгъэрыкІуэныгъэ гущІэкІэ зэІущІэр къыщІэзыдза Бабугент и «Бастион» спорт клубым и гъэсэным американ зэуакІуэм зыкъригъэІэтакъым. Техническэ нокаутКІэ Туменовым текІуэныгъэр къыхуагъэфэщащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

● Тхэквондо

Япэ гуп увыпІэ

Псыхуабэ къалэм щекІуэкІащ тхэквондомкІэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІынальэм и чемпионатэ зэхьэзэхуэрэ. Абы хэтащ спортсмен 300-м щІигъу.

ДИ щІалэхэм медаль зэмылІэужьыгъуэу 64-рэ зыІэрагъэхьащ. Ящэ увыпІэхэр яубыдащ Мэрем Анзор, Шэджэм Мурат, Дыкъхэ Артёмрэ Алимрэ, Исаков Амиран, Лобанов Максим, Кетенчиев Мурат, ХьэтІэхъу Кьэнтемыр сымэ. ЕтІуанэ хъуахэщ Апхуд Тимир, Кьалэ Амир. Ещанэщ Къэрэшей Айдар.

Бгрыпхъэзмыфэгъуэхэм я фестивалым ирибыдзэу ди спортсмен ныбжьыщІэхэм гуп зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щаубыдащ. Дыщэ медалэр зыІэригъэхьащ Шигъушэ Залым, Мулаев Темыркъан, Губзшы Сэлим, Щэрдан Алан, Сасыкъ Исмэхьил, Мэкэшей Дисанэ, Кьалэхэ Самирэрэ Ланэрэ, Абазэ Ислъам сымэ, нэгъэщІэхэми. Дыжьныр къахьащ Къэдзокъуэ Залым, Тохьутэмыщ Дамир, МацІыхъу Астемыр, Мыд Сослъэн. Ещанэ хъуахэщ Шырыпіужь Астемыр, Жыгун Залым, Балъкъэр Андемыр сымэ, нэгъэщІэхэри.

ЦІалэхэр зэхьэзэхуэм екІуу хуиГъэхьэзыращ я тренер Бэлахъуэ Елдар. Иджы ахэр хэтынущ мыгувэу щыІэну Урысей Федерацэм и чемпионатым.

МЭЗКУУ Къанщобий.

● ГТО

Псори ирагъэблагъэ

Мазаем и 29-м Налшык и « Спартак» стадионым и Іэгъуэблагъэм щатынущ «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым и мардэхэр.

МАРДЭХЭР тыныр кьыззрагъэлэщ Налшык кьалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм и Іуэхуэмкіэ и управленэмрэ «Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым ЩэпщІэныгъэмкІэ и центрымрэ. Абы хэтыныхэр щызэхуос мазаем и 29-м сыхьэти 9-м кьыщыщІэдзауэ. Зэпеуэр сыхьэти 10-м зэхаублэнущ икІи я ныбжь емылъытауэ псоми абы зыкъыщагъэлъэгъуэфынущ.

«Лэжьыгъэмрэ зыхъумэжьныгъэмрэ сыхуэхьэзырщ» (ГТО) урысейпсо физкультурэ-спорт комплексым и мардэхэр зытыну хуейхэм нэхъ пасэу зыщагъэтхьапхъащ ГТО ВФСК-м и официальнэ сайтым (gto.ru). Абы иужькІэ дэтхэнэми езым и ID номер кьратынущ.

ГТО-м и мардэхэр зытынухэм я узыншагъэр къыщыгъэлъэгъуа медицинэ справкэхэр яІыгъыпхъэщ, къызэрыратрэ махуипщІ нэхъыбэ дэмыкІауэ.

Зи гугъу тщІахэм нэхъ зыубгъуауэ щыгъуазэ зызыщІыну хуейхэм зыхуагъаззэ хъунущ Налшык кьалэ администрацэм Физическэ щэнхабзэмкІэ, спортымрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и управленэм ЩІэныгъэмкІэ и телефон номерхэмкІэ: +7 (8662) 42-55-55, +7 928 709 10 15.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (ахэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Кьумахуэ Астьэн, Нэщ Іэпыдж эк Іэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхэхэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; ахуэп зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэм я лъэпкъ Іуэхуэхэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхуэ Іапі эхэм ядолжьэныжьмкІэ - 42-60-53; зэушІагъэр хъумэныжьмрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэтхым - 42-75-78.

Теддэз тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху ельыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм ахуэхъыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъаззм и 19-м Печатным и хуитныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхуэ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ. (12+)

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыщащ. 357600, Ставрополь край, БэсэнІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5а

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэІэпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплэр ящІащ* **Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.108 ● Заказ №344